

APRANN KONN DWA W: Sa pou Fè si Imigrasyon oswa Lòt Otorite Aplikasyon Lalwa Poze w Kesyon, Arete w oswa Kenbe w nan Detansyon

Dènye mizajou: 6 mas 2023

IMIGRAN ke Imigrasyon oswa lòt otorite aplikasyon lalwa yo ta **KANPE, ARETE OSWA KENBE NAN DETANSYON** gen sèten dwa. Men nenpòt moun ki pa gen sitwayènte ameriken dwe fè anpil atansyon lè yo rankontre avèk otorite aplikasyon lalwa nan peyi Etazini oswa sou fwontyè a. Si w rankontre otorite aplikasyon lalwa nan travay ou, nan lari, lè yo kanpe machin ou oswa lakay ou, nòmalmman ou gen menm dwa konstitisyonèl ak sitwayen ameriken yo. Ou gendwa gen mwens dwa lè w rankontre ajan otorite aplikasyon lalwa yo sou fwontyè a oswa nan yon aewopò.

Avi sou non-responsabilite: Resous Aprann Konn Dwa W sa a bay enfòmasyon jeneral. Li pa konsèy jiridik. Li pa ajiste selon sitiyasyon w. Pale avèk yon avoka imigrasyon pou jwenn konsèy jiridik.

Si w rankontre avèk Imigrasyon oswa otorite aplikasyon lalwa, li enpòtan pou rete tèt frèt epi sonje enfòmasyon jeneral sa yo:

Ki moun ki ta ka eseye poze m kesyon sou estati imigrasyon m?

- **NENPÒT** ajan otorite aplikasyon lalwa gendwa eseye poze w kesyon sou orijin ou, estati imigrasyon w, moun nan fanmi w ak kolèg ou, anplis lòt sijè toujou. Se pa Imigrasyon sèlman, men se kapab tou ajan lapolis lokal, eta ak federal ki soti nan diferan òganis otorite aplikasyon lalwa.
- **Mo 'Imigrasyon' an sèvi sitou pou biwo Kontwòl Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) ak Patwouy Ladwàn ak Fwontyè (Customs and Border Patrol, CBP).** ICE ak CBP responsab pou fè respekte lwa imigrasyon andedan peyi Etazini, pou premye a, ak sou fwontyè yo, pou dezyèm nan. Ajan ICE yo [konn fè tèt yo pase pou 'lapolis' souvan](#), yo gen badj lapolis, materyèl taktik ak lòt endis lapolis, epi yo prezante tèt yo kòm lapolis.

Ak kisa pou m atann mwen lè m rankontre avèk otorite aplikasyon lalwa sou fwontyè a oswa nan yon aewopò?

- **Otorite aplikasyon lalwa yo kapab kanpe w, kenbe w nan detansyon oswa fouye w.** Sepandan, otorite aplikasyon lalwa yo pa ka fouye w akòz ras ou, idantite seksyèl ou, relijyon w oswa orijin etnik ou.
- **Otorite aplikasyon lalwa yo gen pouvwa pou poze w kesyon sou estati imigrasyon w,** rezon vizit ou ak lòt kesyon ankò pou detèmine si ou gen otorizasyon pou antre Etazini.
- **Si w pa di anyen sa ka fè otorite aplikasyon lalwa yo refize w antre nan peyi Etazini.** Ou kapab chwazi pa reponn kesyon, men otorite aplikasyon lalwa yo kapab epi gen anpil chans pou refize w antre Etazini.
- **Ou PA gen dwa pou gen yon avoka lè y ap poze w kesyon sou estati imigrasyon ou.** Men ou kapab gen yon avoka la pou kesyon ki pa gen rapò avèk estati w la.
- **Ou gen dwa pou di ou pè retounen nan peyi dorijin ou.** Si yo di w ou pa gen otorizasyon pou antre Etazini, men ou pè pèsekisyon oswa tòti si yo ta voye w tounen nan peyi w, di ajan fwontyè a sa epi mande pou jwenn azil. Ou gendwa elijib pou jwenn èd pou imigre.
- **TOUJOU PALE avèk yon avoka imigrasyon anvan ou kite Etazini.** Nan kèk ka, si w kite peyi a, yo gendwa pa pèmèt ou tounen pandan yon sèten kantite lane.

Kisa mwen ta dwe fè lè Imigrasyon oswa lòt otorite aplikasyon lalwa pwoche m nan lari?

- **Anjeneral ou gen dwa pou RETE ANSILANS.** Ou pa oblije reponn kesyon sou si w se yon sitwayen ameriken, sou ki kote w fèt, ki kote w ap viv, nan ki peyi w sòti, oswa si w gen papyè. Menmsi ou ta reponn kèk nan kesyon yo, ou kapab deside pa reponn kesyon ankò. Ou pa ta dwe janm bay manti sou estati imigrasyon w, paske sa ka gen gwo konsekans.

- **Ou gen dwa pou PALE AVÈK YON AVOKA.** Ou ta dwe pale avèk yon avoka anvan ou reponn kesyon sou orijin ou ak estati imigrasyon w.
- **Si w gen dokiman imigrasyon ki valid, ou ta dwe montre yo lè yo mande w sa.** Lalwa egzije pou imigran ke yo te bay papyè imigrasyon valid gen papyè sa yo sou yo tout tan. Si w pa gen papyè, ou kapab refize reponn kesyon sou estati imigrasyon w oswa kesyon sou si w gen dokiman.

Kisa mwen ta dwe fè lè Imigrasyon frape nan pòt lakay mwen?

- **PA kite Imigrasyon antre lakay ou, ni pa soti deyò.** Imigrasyon dwe gen yon manda yon jij siyen oswa konsantman youn nan moun ki nan kay la pou yo antre nan kay la. Anpil fwa ICE pral twonpe w pou ka bay konsantman w, lè konsa, yo pral di y ap fè yon ankèt sou yon krim oswa yo bezwen "fè yon koutje rapid" oswa "antre pou yo fè yon pale." Yo gendwa tou montre w yon manda ke okenn jij pa siyen.
- **MANDE pou wè manda a.** Yo kapab pase li anba pòt la oswa kenbe li devan yon fenèt. Pa soti deyò a.
- **VERIFYE si yon jij siyen manda a.** Si yo pa gen yon manda oswa pa gen jij ki siyen l, di, "Mwen pa vle pale kounyeya." oswa "Mwen pa oblije kite w antre."

Kisa mwen ta dwe fè si Imigrasyon vini nan travay mwen?

- **Ou gen dwa pou RETE ANSILANS.** Ou pa oblije reponn okenn kesyon sou estati imigrasyon w, orijin ou oswa kolèg ou. Si w reponn kesyon yo, Imigrasyon gendwa mande w pou bay papyè imigrasyon w yo.
- **PA eseye sove.** Imigrasyon pral sispèk ou pa gen papyè epi yo pral eseye arete w. Li pi pridan pou kontinye travay epi mande kalmeman si w kapab ale.

Kisa mwen ta dwe fè lè Imigrasyon arete m?

- **Ou ta dwe FÈ VALWA DWA W YO.** Mache avèk yon kat Aprann Konn Dwa W sou ou epi lonje li bay ajan k ap fè arestasyon an. Kat sa yo disponib pou telechaje ak enprime nan divès lang sou:

<https://www.nilc.org/issues/immigration-enforcement/everyone-has-certain-basic-rights/>

- **Ou gen dwa pou RETE ANSILANS.** Ou pa oblije reponn okenn kesyon, sitou sa ki sou estati imigrasyon w yo. Refize reponn kesyon pa yon krim, men ou pa ta dwe janm bay manti sou estati imigrasyon w, paske gen gwo sanksyon nan sa.
- **Ou gen dwa pou PALE AVÈK YON AVOKA.** Lwa imigrasyon yo konplike epi difisil pou konprann. Ou pa ta dwe janm atann ou pou ajan Imigrasyon yo oswa menm yon Jij Imigrasyon eksplike w tout opsyon ou genyen oswa ba w enfòmasyon ki presi. Ou ta dwe pale avèk yon avoka anvan ou di oswa fè nenpòt kisa.
- **PA SIYEN okenn dokiman san ou pa pale avèk yon avoka anvan.** Sa yo gen ladan Renonsyasyon, Odonans Ekspilsyon Estipile oswa Akò Depa Volontè. Ou gendwa renonse avèk dwa w pou wè yon avoka oswa yon jij oswa dakò pou kite Etazini. Sa gendwa vle di tou yo pa pral pèmèt ou antre Etazini ankò oswa jwenn papye imigrasyon. Pa janm siyen yon dokiman san w pa li li, konprann li epi konnen ki konsekans sa genyen si w siyen li.
- **MANDE pou rele yon moun nan fanmi w oswa zanmi ou** si w gen timoun avèk ou lè yo arete w la oswa si w bezwen rele travay ou.
- **EKRI non ak nimewo telefòn ofisye depòtasyon** yo mete sou dosye w la, epitou, Nimewo Anrejistreman Etranje (Alien Registration Number) ou a, oswa A-number.

Mwen nan gadavi nan yon prizon. Èske mwen ta dwe enkyete poutèt Imigrasyon?

- Gen kèk krim ki gen konsekans sou imigrasyon. Lwa sou pwoblèm sa a konplike anpil epi difisil pou konprann, menm pou kèk avoka imigrasyon. **Si yo akize w poutèt yon krim, yo EGZIJE pou avoka defans ou a FÈ W KONNEN si chaj yo gen kont ou yo oswa nenpòt òf pledwaye gen risk pou yo ta depòte w** . Li enpòtan anpil pou avoka defans ou a pale avèk yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans nan zafè imigrasyon ak krim epi pou li eksplike w risk yo.

- Imigrasyon kapab antre nan prizon pou poze w kesyon sou estati imigrasyon w pou yo ka gen motif pou depòte w. **Sonje pou egzèsè dwa w pou RETE ANSILANS epi pou refize reponn kesyon yo.**
- Imigrasyon kapab mande yon prizon pou kenbe w nan detansyon pou 48 èdtan anplis, san konte wikenn ak jou ferye, apre dat yo te bay lòd lage w la pou yo kapab arete w epi kòmanse avèk pwosedi depòtasyon yo. Demann detansyon sa yo pa manda kriminèl epi yo ka an vyolasyon ak lalwa. **Si yo kenbe w nan detansyon plis pase 48 èdtan apre dat pou w te lage a, gen anpil chans ke yo vyole dwa w yo. Rele yon avoka defans penal oswa yon avoka imigrasyon menm lè a.**
- **Ou gen dwa pou RELE EPI RESEVWA VIZIT konsila peyi w la.** Konsil peyi w la gendwa kapab ede w jwenn yon avoka imigrasyon oswa konsèy jiridik gratis.
- **Si w gen antesedan kriminèl oswa w te deja kondane, JWENN YON KOPI dosye kondanasyon w la ak retranskripsyon sètifye tribinal penal la.** Depandan tribinal la, ou gendwa kapab fè sa sou entènèt oswa ou gendwa oblije ale anpèsòn.

Ki dwa mwen genyen apati moman Imigrasyon kenbe m nan detansyon?

- **Ou gen dwa pou RELE epi RESEVWA VIZIT yon avoka, konsila peyi w la ak fanmi ou depi yo kenbe w nan detansyon.** Nimewo telefòn konsila peyi w la plakade nan prizon an oswa ou kapab mande ofisye depòtasyon an ba w yon lis. Gouvènman an pa pral ba w yon avoka, kidonk w ap bezwen rele kabinè avoka pou angaje yon avoka oswa jwenn moun ki pral reprezante w gratis oswa pou yon pri ki ba. Imigrasyon pral ba w yon lis gwoup ki gendwa founi w konsèy oswa reprezantasyon jiridik gratis oswa pou yon pri ki ba. Konsil peyi w la gendwa ede w jwenn yon avoka oswa ou kapab sèvi avèk resous annapre yo:
 - Asosyasyon Ameriken Avoka Imigrasyon (American Immigration Lawyers Association) gen yon [anyè sou entènèt](#)
 - Pwojè Imigrasyon Nasyonal (National Immigration Project) Kòporasyon Nasyonal Avoka (National Lawyers Guild) a gen yon [zouti Jwenn-Yon-Avoka \(Find-A-Lawyer\)](#)

- Depatman Jistis la gen yon [lis founisè sèvis jiridik gratis](#) pou chak eta
- Asistans sou Lwa Imigrasyon (Immigration Law Help) gen yon [anyè asistans jiridik òganizasyon ki pa fè pwofi, ki gen pri ki ba](#) pou chak kòd postal ak sant detansyon
- **Fanmi w kapab JWENN kote yo kenbe w nan detansyon an.**
Imigrasyon gen yon Sistèm Lokalizasyon Detni sou Entènèt (Online Detainee Locator System) sou <https://locator.ice.gov/odls/#/index>. Yo ta dwe gen non konplè w ak A-number ou sou lamèn. Yo kapab kontakte tou biwo lokal ICE a oswa Liy Enfòmasyon sou Detansyon ak Rapòtaj (Detention and Reporting Information Line) nan 1-888-351-4024.
- **Nan majorite ka yo, ou gen dwa pou MANDE LIBÈTE SOU KOSYON pou yo lage w nan detansyon an.** Kosyon se yon montan lajan yo peye gouvènman an pou garanti ou ap prezante nan pwochen odyans tribinal yo. Ou kapab mande ICE pou fikse yon kosyon. Si ICE pa fikse yon kosyon oswa mete yon montan ki twò wo, ou kapab mande pou yon odyans sou zafè kosyon avèk yon jij imigrasyon. Yon jij pral gade si w se yon danje pou lòt moun oswa si gen chans pou prezante w nan odyans tribinal ou a. Prèy itil ou dwe soumèt pou yon kosyon gen ladan fich salè, kontra lokasyon ki siyen, lèt sipò ki sòti nan men fanmi w, zanmi, legliz ak anplwayè ou yo. Si w pa gen lontan ou rive sou fwontyè a oswa ou gen sèten kondanasyon penal, ou gendwa pa kalifye pou kosyon. Li pi bon pou pale sou kalifikasyon ou avèk yon avoka.
- **Si w pa kapab peye montan kosyon an, KONTAKTE yon fon kosyon.**
Gen kèk ki nan lis pi ba a, men pou jwenn yon anyè konplè, tanpri ale sou Rezo Nasyonal Fon Kosyon (National Bail Fund Network) sou [Anyè Fon Kosyon Kominotè \(Directory of Community Bail Funds\)](#).
 - [Fon Nasyonal Kosyon pou Detansyon Imigrasyon \(National Immigration Detention Bond Fund\)](#) (sitou California ak Louisiana)
 - [Pwogram Kosyon RAICES \(RAICES Bond Program\)](#) (Texas sèlman)
 - [Fon Imajine Libète \(Envision Freedom Fund\)](#) (New York ak New Jersey)
 - [Fon Libète LGBTQ \(LGBTQ Freedom Fund\)](#) (Tout peyi a)

- [Fon Kosyon pou Imigran Nwa \(Black Immigrants Bail Fund\)](#) (Tout peyi a)

Ki dwa mwen genyen nan dosye imigrasyon m nan?

- **Yo dwe ba w yon dokiman ki rele yon AVI KONPARISYON (NOTICE TO APPEAR, NTA).** NTA a gen enfòmasyon sou dosye imigrasyon w la. Li dwe gen ladan detay sou nati pwosedi ou yo, vyolasyon lwa imigrasyon ou ta fè yo, yon dat, lè ak adrès premye odyans ou a, ak yon avi sou dwa ou yo. Si NTA a pa gen enfòmasyon yo egzije yo, li gendwa pa valid sou plan jiridik. Asire w pou gade NTA a avèk yon avoka. Si yo pa ba w yon NTA nan 72 èdtan apre arestasyon w la, ou ta dwe mande ofisye depòtasyon ou a li.
- **Nan majorite ka yo, ou gen dwa pou gen yon ODYANS devan yon jij imigrasyon.** Si w pa gen lontan ou rive sou fwontyè a oswa yo te depòte w deja, Imigrasyon gendwa eseye depòte w menm lè a san yon odyans oswa san avoka pa la. Nan odyans la, jij la pral deside si yo kapab depòte w oswa si w elijib pou jwenn èd pou imigre. Si yo pa ba w yon odyans, chèche konnen poukisa epi fè avoka w la konn sa menm lè a.
- **Ou ta dwe DI ofisye depòtasyon w la, avoka ak/oswa jij imigrasyon an si ou pè retounen nan peyi dorijin ou.** Ou gendwa elijib pou azil oswa lòt fòm èd pou imigre.
- **Imigrasyon dwe pwouve ou pa yon sitwayen ameriken epi yo kapab depòte w jan ou ye a.** Imigrasyon pral bay prèv ou se yon sitwayen etranje, ki gen ladan paspò w oswa lòt dokiman vwayaj, kat idantite, ak nesans.
- **Nan majorite ka yo, ou gen dwa pou gen yon AVOKA KI REPREZANTE w nan pwosedi imigrasyon ou yo.** Sepandan, gouvènman an pa pral peye oswa founi avoka sa a. Ou dwe angaje yon avoka oswa jwenn yon moun ki pral reprezante w gratis oswa pou yon pri ki ba. Imigrasyon pral ba w yon lis gwoup ki gendwa founi w konsèy oswa reprezantasyon jiridik gratis oswa pou yon pri ki ba. Konsil peyi w la gendwa ede w jwenn yon avoka oswa ou kapab sèvi avèk resous annapre yo:

- Asosyasyon Ameriken Avoka Imigrasyon (American Immigration Lawyers Association) gen yon [anyè sou entènèt](#)
 - Pwojè Imigrasyon Nasyonal (National Immigration Project) Kòporasyon Nasyonal Avoka (National Lawyers Guild) a gen yon [zouti Jwenn-Yon-Avoka \(Find-A-Lawyer\)](#)
 - Depatman Jistis la gen yon [lis founisè sèvis jiridik gratis](#) pou chak eta
 - Asistans sou Lwa Imigrasyon (Immigration Law Help) gen yon [anyè asistans jiridik òganizasyon ki pa fè pwofi, ki gen pri ki ba](#) pou chak kòd postal ak sant detansyon
- **Ou kapab MANDE jij imigrasyon an plis tan pou jwenn yon avoka**, si w wè jij la anvan ou kapab jwenn konsèy jiridik yo. Jij la dwe ba w yon tan ki rezonab pou jwenn yon avoka. Li itil pou kenbe tras founisè sèvis jiridik ou te kontakte yo, pou ka montre jij la ou te eseye jwenn yon avoka.

Kisa mwen ta dwe di avoka mwen an?

- **TOUT SA ki ta ka itil pou dosye imigrasyon w la.** Li enpòtan pou nenpòt moun k ap ba w konsèy jiridik konnen tout bagay sou dosye w la pou yo ka ba w pi bon konsèy yo. Etik fè avoka w la oblije kenbe tout sa ou di li konfidansyèl.
- **Sa gen ladan istorik imigrasyon ou, antesedan kriminel ou, orijin fanmi w ak lòt detay sou lavi w.** Si yo te arete w, enkilpe w oswa kondane w pou yon krim, li enpòtan anpil pou pataje enfòmasyon sa a avèk avoka w la poutèt krim sa a ka gen konsekans sou imigrasyon.